


Angajman Paran
ak Fanmi Tit I yo
Lekòl Piblik nan Kanton
Polk la



Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2018-2019

Lekòl Primè Walter Caldwell Pake Kontra Aprantisaj Lekòl la

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.**



Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan fason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
Nivo Akademik Elve	Lekòl Caldwell ap mete enstriksyon kalite siperyè ki chita sou Kritè Lekòl Florid yon pèsònèl ki gen kalifikasyon wo nivo ap bay. Objektif bezwen akademik wo nivo nou yo se ogmante siksè elèv yo nan Lekti, nan Matematik ak Syans, epi pou nou rasire nou elèv nou ak moun k'ap aprann yo gen siksè.	M'ap patisipe nan desizyon k'ap pran konsènan edikasyon pitit mwen nan patisipe nan sondaj ak refleksyon k'ap fèt sou Pake Kontra lekòl la/Plan Patisipasyon Paran an. Mwen kapab patisipe nan PTA, nan Komite Konsèy lekòl la e nan pwogram volontè yo.	M'ap vini lekòl prepare e m'ap toujou fè tout jefò mwen kapab. M'ap mande pwofesè mwen èd, e lè mwen bezwen m'ap itilize Sal Kote yo Ede Elèv nan Devwa a ki disponib anvan kou yo koumanse a.
Kontwòl pwogrè Elèv yo	Lekòl Caldwell ap kontwòle souvan pwogrè elèv yo pou l kapab kondi enstriksyon an. Enfòmasyon sou egzamen ak sou rezilta pwogrè elèv yo pral jwenn paran yo a lè. Paran yo ka kontakte pwofesè yo nan nimewo 863-965-5470 pou planifye rankont avèk yo.	M'ap konnen objektif akademik pitit mwen e m'ap sipòte l pou l atenn objektif sa yo nan revize rezilta pwogrè li e nan kontakte pwofesè a si mwen gen keksyon. Mwen kapab enskri pou sit Pòtay Paran yo pou mwen gade nòt pitit mwen sou entènèt la.	M'ap fikse objektif akademik ak pwofesè mwen e m'ap fè tout sa mwen kapab pou mwen atenn objektif sa yo. Mwen konnen mwen kapab reyalize GROWL, PBS ak lòt prim ankò si mwen travay di.
Kolaborasyon-Patisipasyon	Lekòl Caldwell ap mete opòtinite pou paran yo kapab patisipe atravè atelye yo e nan sware paran y'ap ofri nan data k lè k'ap bon pou yo, e nan aktivite volontè yo. Y'ap ba yo materyèl aprantisaj ak estrateji pou sipòte aprantisaj lakay yo.	M'ap rasire mwen pitit mwen lekòl la regilyèman e li rive a lè. M'ap vini nan aktivite lekòl la ap òganize yo e m'ap pote kole kòm volontè lè sa posib. Mwen kapab jwenn plis enfòmasyon nan tcheke sit entènèt lekòl la e nan kanè lekòl pitit mwen.	M'ap pran responsablite mwen toutan. M'ap patisipe nan klas la e m'ap fè lekti lakay mwen chak jou.
Kominikasyon Rete Enfòmasyon	Lekòl Caldwell ap kominike regilyèman ak paran yo atravè kanè leson elèv yo, nan mesaj tèks, apèl nan telefòn, nan rankont e nan sipò sou entènèt yo. Tout paran yo envite pou yo patisipe nan desizyon k'ap pran yo e nan revizyon Pake Kontra Aprantisaj Lekòl Caldwell la/nan Plan Patisipasyon Paran an.	M'ap kominike ak pwofesè pitit mwen an regilyèman nan tcheke kanè leson pitit mwen an chak swa. M'ap asiste Reyinyon Nayèl la k'ap fèt nan sezon otòn nan, rankont paran ak pwofesè yo epi m'ap patisipe nan aktivite lekòl yo.	M'ap pote enfòmasyon enpòtan ki soti nan lekòl yo bay paran mwen e m'ap pote retounen lekòl la enfòmasyon enpòtan yo. M'ap mande paran mwen pou yo siyen kanè leson mwen an chak swa.
Espas Aprantisaj	Lekòl Caldwell ap mete yon espas aprantisaj ki gen sekirite, ki sipòtif e efikas ki rekonèt diferant kalite aprantisaj ak kwasans akademik chak elèv.	M'ap sipòte sa pitit mwen an ap aprann lekòl la nan poze l keksyon e nan ankouraje l fè lekti lakay la. M'ap ba li yon espas trankil pou l etidye e m'ap asire mwen pitit mwen repoze l ase.	M'ap vini lekòl a lè chak jou dispoze pou mwen aprann. M'ap obeye tout prensip e m'ap respekte tèt mwen, lòt moun yo ak lekòl mwen.

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.

<http://schools.polk-fl.net/caldwell>

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-965-5470

Vizite sit entènèt www.polk-fl.net pou enfòmasyon enpòtan:

- Sit PARENT PORTAL:
- POU VOLONTÈ
- SANT PARAN YO
- KONDISSYON LEKÒL FLORID YO
- EGZAMEN
- Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: (Mo kle: Nutrition) oswa rele nan 534-0588

Paraf:

Paran _____

Elèv _____

Pwofesè _____

Yo te debat pake kontra sa a nan dat _____.